



Pou Piblikasyon Imedya: 15/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJISLATIF POU PWOTEJE DWA BENEFISYÈ AVANTAJ PIBLIK YO AK RANFÒSE AKSÈ AK SÈVIS SOSYAL YO

Lejislasyon (S.3178A/A.5817A) Egzije Biwo Sèvis Sosyal yo poste avi sou dwa debaz benefisyè yo

Lejislasyon (S.8972A/A.9749B) Asire ke kèk benefisè avantaj Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) yo resevwa de kat Kredi oswa debi Transfè Avantaj Elektwonik (Electronic Benefit Transfer, EBT)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a li te siyen yon pake lejislatif de pwojè lwa ki pral pwoteje dwa Nouyòkè ki resevwa benefis piblik yo epi ki pral ranfòse aksè ak sèvis sosyal yo. De pwojè lwa sa yo pral ogmante transparans nan dwa moun k ap aplike pou resevwa asistans epi amelyore aksè ak asistans alimantè.

"Pandan Nouyòkè yo ap kontinye refè anba doulè ekonomik pandemi an, li enpòtan pou nou asire ke pwogram asistans piblik yo ap sèvi kòm sadwa kominote ki pi vilnerab nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè lwa sa yo pral edike moun yo atravè eta a sou dwa yo lè y ap resevwa sèvis sosyal epi asire fanmi yo pa gen difikilte pou yo mete manje sou tab yo. Mwen fyè dèske m pran etap enpòtan pou pwoteje ak ekipe Nouyòkè yo ki resevwa asistans piblik paske pèsonn pa merite fè eksperyans ensekirite alimantè oswa ensekirite gadri, sitiyasyon sanzabri, oswa nenpòt lòt estrès ki kapab menase lavi yo."

"Li enpòtan pou Nouyòkè ki gen difikilte yo gen aksè ekitab ak sèvis sosyal ak avantaj piblik ki nesèsè yo", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Nouvo pake lejislatif sa a ki te siyen an lwa jodi a pa Gouvènè a pral amelyore transparans epi pwoteje dwa moun ki dwe chèche sèvis sa yo akòz difikilte y ap eksperimente."

Lejislasyon (S.3178A/A.5817A) pral mande pou afiche dwa moun k ap aplike pou resevwa asistans. Sa a pral notifiye benefisyè yo sou dwa debaz yo ki etabli pa lalwa, tankou dwa pou yon odyans san patipri, dwa pou mande asistans pou ijans, dwa pou aplike pou tout avantaj ak sèvis yo, dwa pou mande sèvis gadri, dwa pou jwenn sèvis lang gratis, dwa pou fè tès depistaj ak sèvis espesyal si w ap eksperimente vyolans domestik, ak dwa pou yon avi alekri adekwa.

Senatè James Sanders Jr. te deklare, "Nouyòkè ki bezwen asistans debaz yo ta dwe konnen dwa ak avantaj pa yo. Lejislasyon sa a pral ede moun jwenn sipò yo bezwen pou fanmi yo ak pou tèt yo. Yon pati nan wòl yon gouvènman ki gen konpasyon se bay asistans pou bezwen debaz yo ki pa satisfè."

Manm Asanble Pamela J. Hunter te deklare, "Lè w ap jwenn aksè ak avantaj piblik yo, li ta dwe klè epi konsi sou sa ou gen dwa ak li. Benefisyè yo ta ka pa konnen ke yo gen dwa pou odyans, asistans ijans ak lòt sèvis. Li nesèsè pou afiche dwa sa yo fizikman nan biwo sèvis sosyal yo paske moun k ap itilize benefis sa yo gendwa pa gen aksè ak entènèt ki adekwa. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te siyen lejislasyon sa a an lwa epi mwen pa ka tann aplikasyon li."

Lejislasyon (S.8972A/A.9749B) egzije pwogram asistans nitrisyon siplemantè a pou bay de kat kredi oswa kat debi transfè avantaj elektwonik pou chak fanmi ki gen plis pase yon paran oswa gadyen ki abite nan kay la. Sa ap bay benefisyè yo plis konvenyans pou yo sèvi ak benefis yo pou bay fanmi yo manje.

Senatè Eta Julia Salazar te deklare, "Mwen fyè dèske m ap patwone lejislasyon ki gen bon sans epi jan sa nesèsè menm jan ak pwojè lwa S8972A ansanm ak kòlèg mwen an ki se Manm Asanble Simcha Eichenstein. Ak tout presyon fanmi yo ap fè fas, lejislasyon nesèsè pou abòde bezwen reyèl nan kominote majinalize nou yo ki defavorize yo. Sa a se youn nan bezwen sa yo. N ap asire ke tout gadyen ki fòme kay nou yo gen aksè ak avantaj apwouve yo nan nanpòt moman, epi yo pa oblije trete kat yon moun tankou yon baton kous relè (kat ki pase nan anpil men). SNAP se yon pwogram federal ki ede plis 40 milyon Ameriken chak ane epi 1.8 milyon ladan yo se Nouyòkè. Sa a se yon mouvman pragmatik e mwen remèsye chak lejislatè ki sipòte pwojè lwa sa a. Epi mèsè a Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa sa a an lwa pandan n ap abòde twou vid ki genyen nan sistèm nou an."

Manm Asanble Simcha Eichenstein te deklare, "Li ase difisil lè fanmi ki resevwa avantaj SNAP yo dwe viv anba presyon konstan pou bay pitit yo manje. Kounye a yo pa pral gen pou yo andire ankò deranjman nan pataje yon kat ant de chèf fanmi. Lejislasyon bon sans sa a se yon solisyon senp, efikas ak pratik pou yon pwoblèm ki fristran ak san sans. Mèsè Gouvènè Hochul paske w rekonèt enpòtans pwoblèm sa a epi w siyen pwojè lwa sa a pou li vin yon lwa."

###